

## BAB V

### KANCIDEKAN, IMPILIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan modél *brainwriting* dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022 dumasar kana hasil *pretest* ngagunakeun modél *brainwriting* sacara umum dianggap can tuntas. Ku sabab dina jumlah 28 nyaéta 2 siswa (2%) anu tuntas dina KKM, sedengkeun 27 siswa (98%) can tuntas dina ngahontal KKM. Jumlah rata-rata dina hasil *pretest* nyaéta 55,48 nu hartina can tuntas dina ngahontal KKM. Ieu hal bisa katitén dina rata-rata aspék eusi carita pondok 2,29 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék imajinasi 2,46 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék tokoh jeung penokohan 2,04 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék galur 2,46 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék hubungan antar paragraf 2,04 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék ejahan jeung diksi 2,14 anu skor maksimumna 4, jeung rata-rata aspék gaya 2,11 anu skor maksimumna 4. Dina hasil rata-rata paling luhur nyaéta dina aspék imajinasi jeung galur nyaéta 2,46 sedengkeun rata-rata anu paling handap nyaéta dina aspék tokoh jeung hubungan antar paragraf 2,04.

Sedengkeun hasil ngeunaan modél *brainwriting* dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022. Bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022 dumasar kana hasil *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting* sacara umum dianggap tuntas. Ku sabab dina jumlah 28 nyaéta 27 siswa (96%) anu tuntas dina KKM, sedengkeun 1 siswa (4%) can tuntas dina ngahontal KKM. Jumlah rata-rata hasil ahir posttest nyaéta 85,08. Ieu hal katitén dina rata-rata aspék eusi carita pondok 3,54 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék imajinasi 3,57 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék tokoh jeung penokohan 3,46 anu skor maksimumna 4, rata-rata aspék galur 3,5 anu skor maksimumna 4, rata-rata hubungan antar paragraf 3,32 anu skor maksimumna 4, rata-rata ejahan jeung diksi 3,18 anu skor maksimumna 4, jeung rata-rata gaya 3,25 anu skor maksimumna

4. Dina hasil rata-rata paling luhur nyaéta eusi carita pondok 3,54 jeung imajinasi 3,57 anu skor maksimumna 4, sedengkeun rata-rata anu paling handap nyaéta dina aspek ejahan jeung diksi kalayan rata-rata 3,18.

Aya bédana anu signifikan kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022 dumasar kana hasil *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*. Ieu hal katitén dina hasil uji statistik parametrik nyaéta nilai signifikan ( $0,000 \leq 0,05$ ) atawa kurang ti 0,05 anu hasilna  $H_a$  ditarima sedengkeun  $H_0$  ditolak. Ku kituna, aya bédana anu signifikan kamampuh nulis carita pondok *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*. Hartina modél *brainwriting* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan dilarapkeun modél *brainwriting* miboga implikasi nyaéta bisa dipake jeung ditarima siswa dina prosés pangajaran pikeun nuwuhkeun sikep kréatif tur aktif dina prak-prakan diskusi kelompok jeung ngebrehkeun idé-idéna kalayan bener, bisa milih kecap anu saluyu dina ngagunakeun ejahan jeung diksi.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil ieu panalungtikan yén modél *brainwriting* téh éfektif digunakeun dina kamampuh nulis carita pondok. Ku kituna modél *brainwriting* bisa dijadikeun modél altenatif jeung rékoméndasi dina pangajaran carita pondok. Dina prak-prakanna ngagunakeun modél *brainwriting* guru kudu bisa ngahudangkeun kaaktifan siswa di kelas pikeun diskusi jeung babaturanna.